



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 25 MILYON DOLA FINANSMAN
FEDERAL POU ABÒDE KRIZ OPYOYID LA NAN ETA NEW YORK**

***19 Konte Adisyonèl pral Resevwa Fon Repons Sible Eta a yo pou Sipòte
Agrandisman Sèvis Prevansyon, Tretman, ak Rekiperasyon Adiksyon yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse distribisyon 25.2 milyon dola finansman federal atravè Sibvansyon pou Repons Sible Eta a Fas a Kriz Opyoyid la (Opioid State Targeted Response Grant), ki pral agrandi inisyativ ki enpòtan pou konbat kriz opyoyid la. Nan dezyèm ane ke Eta New York te akòde sibvansyon sa a, yo te chwazi diznèf konte adisyonèl pou resevwa finansman. Yo pral distribiye finansman an bay pwogram ki ofri sèvis prevansyon, tretman, ak rekiperasyon nan zòn ki gen gran bezwen atravè eta a yo pou yo ogmante aksè a tretman epi redwi ak bezwen yo pa ka satisfè yo ak lanmò ki gen rapò ak sidozaj yo.

“Kriz opyoyid sa ap devaste fanmi ak tout kominote a nèt epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou lite kont veritab menas kriz sa reprezante pou Nouyòkè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Li enpòtan anpil pou nou kontinye gide nasyon an nan kad reyalizasyon nouvo solisyon efikas pou nou sove lavi yo, epi finansman sa a pral ofri sèvis ak tretman apwofondi ke sila ki soufri adiksyon yo dezespereman bezwen.”

“Finansman federal enpòtan sa a pral gen yon gran efè sou efò k ap fèt pou konbat epidemi opyoyid la toupatou atravè eta a”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Koprezidan Gwoup Travay sou Abi Ewoyin ak Opyoyid la (Heroin and Opioid Abuse Task Force), te deklare.** “Yo pral distribiye plis pase 25 milyon dola ant 19 konte adisyonèl yo pou yo ofri resous enpòtan ki pral ogmante sèvis tretman ak rekiperasyon pou moun k ap goumen ak adiksyon yo. Nan New York, nou ap goumen nan fason agresiv pou nou prevni adiksyon epi sipòte efò rekiperasyon yo, epi nou pap sispann pazavan sila ki kontribiye nan kriz la yo rann kont epi tout Nouyòkè gen aksè ak opòtinite pou yo chache rekipere yo epi viv yon meye vi ki pi an sante.”

Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal la (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA) ap administre finansman pou Sibvansyon pou Repons Sible Eta a Fas a Kriz Opyoyid la. Ane pase, 16 konte te resevwa finansman sibvansyon an. Ane sa a, yo te idantifye 19 konte adisyonèl kòm kote ki gen gran bezwen, pou vin fè 35 konte ototal ke y ap sipòte atravè dezyèm ane sibvansyon an. Yo te nonme nouvo konte ki pral resevwa finansman an kòm konte ki gen gran bezwen yo, baze sou kantite lanmò akoz sidozaj opyoyid yo, moun ki etène lopital akoz

efè ki gen rapò ak konsomasyon opyoyid yo, ak rezidan ki bezwen kite konte a pou yo kapab jwenn aksè a sèvis tretman pou adiksyon yo.

Men 19 konte yo te akòde finansman atravè dezyèm ane sibvansyon an yo: Suffolk, Broome, Oneida, Orange, Bronx, Cortland, Schenectady, Monroe, Richmond, Genesee, Nassau, Columbia, Kings, Herkimer, New York, Otsego, Dutchess, Queens, ak Wayne. Konte sa yo pral pataje jiska 15 milyon dola pou yo kapab ogmante aksè a tretman atravè inisyativ ki gen ladan sèvis sipò konpayon apwofondi, sèvis telepratik, ak sèvis tretman mobil.

Pwofesyonèl swen sante ki nan zòn sa yo ap resevwa finansman:

Rejyon Kapital (Konte Schenectady ak Columbia)

- New Choices Recovery Center - 1,042,356 dola
- Twin County Recovery Services, Inc. - 642,356 dola

New York Santral ak Mohawk Valley (Konte Cortland, Oneida, Otsego ak Herkimer)

- Family Counseling Services of Cortland County, Inc. - 1,250,000 dola
- Syracuse Brick House - 1,052,310 dola

Finger Lakes (Konte Monroe, Wayne ak Genesee)

- Delphi Drug and Alcohol Council, Inc. - 700,000 dola
- Genesee Council on Alcoholism and Substance Abuse, Inc. - 650,000 dola
- Wayne County Community Services Board - 700,000 dola

Long Island (Konte Nassau ak Suffolk)

- Family Service League - 1,246,990 dola
- Central Nassau Guidance - 1,250,000 dola

Mid-Hudson (Konte Dutchess ak Orange)

- Lexington Recovery Center - 100,000 dola
- Catholic Charities Community Services of Orange and Sullivan - 982,356 dola

Vil New York (Konte New York, Bronx, Kings, Queens ak Richmond)

- Palladia/SUS - 1,248,493 dola

- VIP - 197,548 dola
- New York Therapeutic Communities - 1,345,255 dola
- Elmcors - 1,000,000 dola
- Resource Counseling Center - 500,000 dola
- Community Health Action of Staten Island - 250,000 dola

Southern Tier (Konte Broome)

- Addiction Center of Broome County - 1,145,674 dola

Anplis de sa a, konte ki gen gran bezwen sa yo pral pataje plis pase 1.3 milyon dola antre yo pou yo agrandi tretman alèd medikaman ak tretman tranzisyon pou pasyan ki nan etablisman penitansyè yo ak nan etablisman transgresè ki an libète kondisyonèl sou direksyon eta a yo.

Inisyativ Repons Sible Eta a gen ladan tou finansman pou pwogram ki odela konte ki gen gran bezwen yo:

- Pote sèvis prevansyon ki baze sou evidans bay jèn defavorize ki difisil pou yo atenn yo ak lòt popilasyon ki arisk yo - 1,114,714 dola
- Pote Pwogram pou Ranfòsman Fanmi an (Strengthening Families Program) pou fanmi nan Vil New York yo ki nan refij oswa nan lojman sipèvize pèmanan yo - 650,000 dola
- Pote yon kanpay medyatik sible pou rezidan yo, kote y ap konsantre sou tèritwa tribi yo ak kominote laten yo - 913,173 dola
- Fòmasyon pou premye sekouris yo ak pou lòt temwen potansyèl yo pou yo ka rekonèt ak reponn a sidozaj epi ofri aksè a nalokson - 401,237 dola
- Amelyore sèvis pou twoub izaj opyoyid yo nan 11 Sant Enstiti Sante pou SIDA NYSDOH la yo (NYSDOH AIDS Institute Health Hubs), epi y ap ajoute yon nouvo Sant nan Long Island - 3,015,748 dola
- Reyalizasyon yon nouvo Sant Rekipasyon/Clubhouse pou Jèn (Recovery Center/Youth Clubhouse) pou yon kominote Ameredyen - 294,290 dola
- Kreyasyon ak sipò pou enfrastrikti ki sou direksyon jèn ak jèn adilt toupatou atravè eta a yo pou sipòte kominote jèn lokal ki nan pwosesis rekipasyon an yo - 589,325 dola

Sibvansyon ane sa a pral kontinye inisyativ yo te entwodwi nan premye ane a, ki gen ladan agrandisman sèvis tretman mobil, kapasite telepratik, sèvis sipò konpayon, ak tretman alèd medikaman. Nan premye ane sibvansyon an, yo te nonme 16 konte sa yo kòm konte ki gen gran bezwen: Oswego, Yates, Cayuga, Greene, Tioga, Tompkins, Jefferson, Ulster, Sullivan, Madison, Erie, Onondaga, Ontario, Saratoga, Niagara ak Montgomery.

Komisè Biwo Sèvis pou Alkolis ak Toksikomani (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS) Eta New York, Arlene González-Sánchez, te di, “Lè nou te itilize finansman yo te akòde nan kad premye ane sibvansyon an nou te

an mezi pou nou agrandi ak amelyore inisyativ ki enpòtan toupatou atravè New York la yo, epi nou atann pou nou fè menm jan nan plis kominote ane sa a. Finansman sa a pral pèmèt nou sipòte inisyativ pou prevansyon, tretman, ak rekiperasyon ki enpòtan pou kontinye fè vanse vizyon Gouvènè Cuomo genyen pou konbat adiksyon an, epi li pral pèmèt plis Nouyòkè jwenn aksè a sèvis yo bezwen yo, pi pre kote yo ap viv la”.

Manm Kongrè Eliot Engel te deklare, “Kriz opyoyid la te touche toule kat kwen eta nou an epi li mande pou nou pase alaksyon byen rapid. Mwen kontan paske Gouvènè Cuomo ap abòde pwoblèm lan yon lòt fwa ankò. Fon federal sa yo pral ogmante aksè a opsyon tretman yo epi redwi ensidans sidozaj yo nan New York”.

Manm Kongrè Nita Lowey te deklare, “Epidemi opyoyid Etazini an se youn nan ijans sante piblik ki pi enpòtan nan epòk nou an, k ap detwi anpil lavi, dechire fanmi, epi devaste kominote toupatou atravè New York la yo. Envestisman federal sa yo se yon pa anbisyè, nesèsè vè lavan, k ap bay New York resous esansyèl yo bezwen pou yo konbat, trete, ak prevni pwopagasyon adiksyon opyoyid la nan fason agresiv toupatou atravè eta nou an. Antanke yon Manm Premye Ran nan Komite Apwopriasyon Lachanm lan (House Appropriations Committee), ki sipèvize alokasyon finansman federal yo, mwen fyè paske nou te sekirize fon federal sa yo, epi mwen pral kontinye lite pou nou agrandi investisman ki pral pwoteje kominote nou yo epi sove lavi”.

Manm Kongrè José E. Serrano te deklare, “Eta New York te fè anpil pwogrè nan efò pou konbat epidemi opyoyid la ki ap devaste nasyon an, men nou toujou rete anpil travay pou nou fè. Finansman federal sa a pral ede nou kontinye fè pwogrè nan lit kont toksikomani nan kominote nou yo ki plis bezwen l yo, asire ke sila k ap soufri adiksyon yo gen aksè a tretman, sipò, ak lòt resous yo bezwen yo. Mwen fyè pou m mete ansanm ak Gouvènè Cuomo pou nou anonse sibvansyon federal sa yo, ki pral ede asire yon New York ki pi an sante, pi an sekirite pou tout moun”.

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, “Yo dezespereman bezwen sèvis prevansyon, tretman, ak rekiperasyon yo pou konbat kriz opyoyid la. Mwen fyè pou m sèvi kòm lidè nan Kongrè a pou m lite pou finansman sa a nan SAMHSA, ki benefik pou Nouyòkè yo ak pou kominote nou an lè nou ede sila ki gen bezwen yo. Nou dwe kontinye itilize apwòch ki baze sou evidans, ki gen ladan tretman alèd medikaman, pou ede redwi depandans ak sidozaj opyoyid yo”.

Manm Kongrè Grace Meng te deklare, “Epidemi opyoyid la kontinye afekte eta nou an ak dechire zantray fanmi nou yo. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou konbat kriz sa a epi fon federal sa yo pral ofri asistans enpòtan pou Nouyòkè k ap goumen ak adiksyon opyoyid yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l ap travay pou l sove lavi”.

Depi lè l pran pouvwa, Gouvènè Cuomo te tabli yon apwòch agresiv, a plizyè volè pou l abòde epidemi opyoyid la atravè agrandisman aksè a sèvis tranzisyonèl yo, tankou pwogram tretman yo, epi li te rekòmande nouvo sèvis, ki pa tradisyonèl, pami yo sant rekiperasyon ak sant aksè ki ouvri 7 jou sou 7, 24 sou 24. Gouvènè a te travay tou pou l ogmante fòmasyon ak disponibilite nalokson, sa ki ap lakòz plis pase 300,000 moun nan Eta New York resevwa fòmasyon pou yo ka administre medikaman ranvèsman sidozaj opyoyid la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn trètman pou adiksyon ki disponib ki genyen ladan yo swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki etène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize Panèl Disponibilite Trètman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb NYS OASAS la](https://www.nys.oasas.gov). Vizite [CombatAddiction.ny.gov](https://www.combataddiction.ny.gov) pou aprann plis sou siy avètisman adiksyon, revize enfòmasyon sou fason pou jwenn èd, epi jwenn aksè ak resous sou fason pou fasilite konvèsasyon ak pwòch yo ak kominote yo konsènan adiksyon. Pou w jwenn zouti pou itilize pou ka pale avèk yon jèn moun sou prevansyon itilizasyon alkòl oswa itilizasyon dwòg, [vizite sitwèb Talk2Prevent](https://www.talk2prevent.org) Eta.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)